



Pou Piblikasyon Imedya: 19/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO DIREKTIV POU MEZI SANTE AK SEKIRITE  
NAN PWOGRAM GADRI, PWOGRAM KAN LAJOUNEN AK KAN LANNWIT YO  
PANDAN NEW YORK AP KONTINYE AVÈK RE-OUVÈTI ESTRATEJIK LA**

*Mezi yo adrese egzijans pou tès, distans fizik ak sanitasyon pou ede anpeche ka  
COVID yo*

*Depatman Sante Eta a pral kontinye siveye ak evalye etablisman yo ak pwogram  
kan yo epi revize direktiv yo jan sa nesèsè*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse direktiv ke yo mete ajou pou mezi sante ak sekirite nan pwogram gadri, pwogram kan lajounen, ak pwogram kan lannwit yo, apati 19 me. Mezi yo gen ladan pwotokòl pou tès COVID, distans fizik ak sanitasyon, pami lòt egzijans pou ede anpeche ka COVID-19 yo. Depatman Sante a pral kontinye kontwole ak evalye mezi sante yo pou etablisman gadri yo ak pwogram kan yo epi, si sa nesèsè, yo pral pibliye lòt direktiv.

"Nou ap kontinye fè pwogrè enkwayab kont COVID epi nou ap leve restriksyon yo baze sou lasyans ak sou chif yo, men nou pa ko rive nan liy final la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou ede asire pwoteksyon maksimòm pou anplwaye ak timoun yo nan pwogram gadri ak pwogram kan yo, nou ap pibliye direktiv sa a dekwa pou etablisman yo kapab aplike mezi debaz men ki enpòtan yo ki pral pèmèt yo opere san danje."

Etablisman yo ak pwogram yo dwe kolekte estati ak dokiman sou vaksinasyon kont COVID-19 yo pou tout anplwaye yo ak timoun yo, epi aplike pratik tès depistaj sante obligatwa chak jou pou anplwaye ak vizitè yo, gen ladan kontwole tanperati yo chak jou. Etablisman yo ak pwogram yo bezwen fè depatman sante Eta ak lokal la konn sa touswit lè yon manm nan anplwaye yo oswa yon ti moun nan sit pa yo mete yo okouran sou nenpòt rezilta tès COVID-19 pozitif.

Chak sit dwe aplike yon limit kapasite ki espesifik ak pwopriyete a pou timoun yo ak moun ki nan kan yo ki asire distans sosyal ki apwopriye. Anplwaye ki pa pran vaksen an konplètman dwe kenbe yon distans omwen sis pye ak lòt anplwaye ki pa pran vaksen an.

Timoun ak moun ki kan ki gen plis pase de (2) ane yo ak anplwaye ki pa pran vaksen an konplètman dwe mete kouvèti pou figi eksepte lè y ap manje, bwè, benyen, naje, oswa dòmi/repoze. Pliske yo te pwouve ke kouvèti pou figi yo efikas lè distans lan pa

posib, etablisman yo ak pwogram yo dwe founi epi egzije pou yo sèvi ak kouvèti pou figi pou moun ki pa pran vaksen an konplètman.

Yo dwe swiv tou lòt egzijans ijyèn ak netwayaj ak dezenfeksyon yo jan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ak Depatman Sante a te konseye a.

Direktiv konplè pou etablisman yo ak pwogram yo disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)